

Fason pou Konprann
Dedomajman Lè ou Pa
Kapab Itilize yon Pati Kò ou



Èske chòk ou ba
ou dwa pou jwenn
dedomajman
sipleman tè?



1 877 632-4996
www.WCB.NY.Gov

KISA YON DEDOMAJMAN POU PÈT YON PATI KÒ DAPRE LIS YE?

Yon dedomajman pou Pèt yon Pati Kò dapre Lis (ki rele yon SLU) se yon peman siplemantè avèk lajan kach. Li peye ou pou yon chòk ki te ou avèk mwens mwayen nan yon pati kò ou pase sa ou te genyen anvan chòk la. Si ou pa retounen nan menm nivo itilizasyon pati kò a, paske kounye a ou gen yon *andikap pèmanan*, ou ka kalifye pou peman SLU.

Dedomajman sa a fèt apre ou fin geri nan chòk ki asosye avèk travay ou. Pwen lè ou refè menm jan ou pral refè a rele *amelyorasyon medikal maksimòm*. Si ou rive nan pwèn sa a mwens itilizasyon yon pati kò ou pase sa ou te genyen anvan ensidan an, ou ka resevwa yon dedomajman SLU.

Ou kapab resevwa lajan sa a menmsi ou pa t janm rate lè nan travay ou oswa si ou deja retounen nan travay ou.

KIMOUN K AP RESEVWA YON DEDOMAJMAN POU PÈT YON PATI KÒ DAPRE LIS?

Ou ka resevwa yon dedomajman si youn oswa plis pati kò ou pa geri nèt nan kote li te ye anvan chòk la.

- * Bra
- * Zòtèy
- * Janm
- * Zye (Ou Vin Avèg)
- * Men
- * Zòrèy (Ou Vin Soud)
- * Pye
- * Dwèt
- * Figi (Sikatri)/Kou/Po tèt

Pati kò a ka gen ladan tou ponyèt, koud, zèpòl, jwenti, jenou, ak hanch. *Chòk pèmanan* nan yon pati kò a ka gen ladan: frakti, anpitasyon, operasyon, dechiri, deplasman zo, brili dezyèm ak twazyèm degre, chòk nan bouskilad, ak domaj grav nan nè.

Men Sa K ap Pase



KIJAN POU MWEN RESEVWA DEDOMAJMAN POU PÈT YON PATI KÒ MWEN DAPRE LIS LA?

Pwendvi yon doktè nesèsè pou jwenn dedomajman sa a. Mande doktè ou pou fè ou konnen kilè ou rive nan amelyorasyon medikal maksimòm nan. Si chòk ou a pèmanan, doktè ou ap endike kijan ou kapab itilize pati kò a mwens. Sa ap yon pousantaj: 25%, 50%, ak plis. Doktè a ap soumèt pwendvi a ba Komisyon an.

Konpayi asirans patwon ou ap peye pou doktè ou. Konpayi asirans lan ka voye ou ba doktè pa li pou fè yon egzamen. Konpayi asirans lan ap peye pou sa tou.

KISA K AP PASE APRE DOKTÈ MWEN SOUMÈT YON RAPÒ?

Asire doktè ou voye yon rapò ba Komisyon an. Komisyon an ap revize tout rapò medikal yo. Si doktè ou ak doktè konpayi asirans lan dakò pou kantite lajan pèt ou soufri a, sa ap vin baz pou dedomajman ou.

Si Komisyon an jwenn yon sèl pwendvi medikal, l ap voye yon lèt ba ou oswa ba konpayi asirans lan, pou mande sa ki pa la a. Oumenm oswa konpayi asirans lan gen 60 jou pou jwenn yon rapò.

Si nou pa jwenn lòt rapò medikal la nan 60 jou, Komisyon an ap pran yon desizyon selon yon rapò medikal ki nan dosye ou. **Doktè ou dwe voye yon rapò ba Komisyon an.**

KISA K AP PASE SI DOKTÈ YO PA DAKÒ SOU SANTE MWEN?

Si doktè ou ak doktè konpayi asirans lan pa dakò, Komisyon an ap pran desizyon an. Yo ka mande ou pou bay plis dokiman, epi ou ka gen yon odyans. (W ap resevwa yon avi k ap gen ladan dat, lè ak kote odyans lan ap fèt la.) Nan odyans lan, yon jij ap eseye rezoud konfli a oswa l ap pwograme yon pwosè.

Nan nenpòt ka, se jij la k ap pran yon desizyon. Depi jij la pran yon desizyon final, konpayi asirans lan gen 10 jou pou peye dedomajman an.

KIJAN YO PEYE DEDOMAJMAN YO?

Y ap retire nenpòt peman yo te fè deja ba ou nan kantite lajan yo dwe ou a. Si dedomajman ou vo plis pase peman ou resevwa deja pou chòk la, y ap peye li nan youn nan de (2) fason yo.

- 1) W ap resevwa chèk konpansasyon regilye travayè ou jouk lè yo peye ou tout dedomajman SLU, oswa
- 2) Ou kapab voye yon lèt ba Komisyon an pou mande rès peman SLU nan yon sèl vèsman. Komisyon an ap mande konpayi asirans lan pou peye ou rès lajan an nan yon chèk.

EGZANP DEDOMAJMAN SLU

Lalwa endike konbyen semèn avantaj w ap resevwa. Li baze sou pati kò a ak kijan li te domaje. W ap resevwa yon sèten kantite semèn peman pou konpanse pou chòk pèmanan an. Pa egzanp:

1. Ou pa t travay pandan 8 semèn avèk yon bra kase. Ou rete menm jan w ap vin ye apre yon ane.
2. Lalwa bay 312 semèn pou yon chòk nan bra.
3. Ou pèdi 25% itilizasyon bra ou.
4. 25% nan 312 semèn = 78 semèn.
5. W ap touche \$900 chak semèn. De-tyè salè mwayen pa semèn ou (pousantaj konpansasyon travayè ou)
6. \$600 pa semèn pandan 78 semèn = \$46,800
7. 8 semèn ki deja peye pou tan travay ki pèdi = \$4,800 (8 semèn miltipliye pa \$600 pa semèn)
8. \$46,800 mwens \$4,800 = \$42,000 pou ou.

OU GEN KESYON?

Rele Komisyon an nan nimewo 1-877-632-4996.

PALE POU TÈT OU: DEFANSÈ POU TRAVAYÈ KI PRAN CHÒK

Defansè pou Travayè ki Pran Chòk ap ede travayè ki pran chòk yo jwenn avantaj yo merite anba lalwa. Biwo sa a ap ede ou avèk dosye ou, epi li kapab eksplike ou yon reklamasyon pou lè ou pa kapab itilize yon pati kò ou. Tanpri mete enfòmasyon moun ki mande konpansasyon an ak dokiman yo nan pare.

Pou kontakte Defansè a, rele **1-800-580-6665**.

KESYON?

Rele Komisyon Konpansasyon Travayè Eta
New York nan nimewo **1-877-632-4996**.

Nou disponib:

Lendi - 8:30 AM jiska 4:30 PM

Madi, mèkredi - 8:30 AM jiska 6:00 PM

Jedi, vandredi - 8:30 AM jiska 4:30 PM

www.WCB.NY.Gov

General_Information@WCB.NY.Gov